

## БÆЛДТАГ ЦАРДМÆ ПАДДЗАХ ДÆР ФÆББÆЛЛУЙ!..

***Альбер КАМЮ (1913-1960), францусаг финсæг: «Мах Хуцаумæ исковæн, уæн цæмæн нæййес, айдагъдæр уæхæн цæбæлдæрбæл фæххуæст уни оххайæй... Гъæздугæй цагъар уни бæсти мæгурæй сæребарæ уо. Гъай-гъай, адæми гъæздуг дæр æма сæребарæ дæр ун фæндуй – уой фудæй хатгай исунцæ мæгур цагъайрæгтæ...»***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№27 (899) 2023 анзи 22 июль – сосæни мæйæ

Аргъ 1 туман


## АЙЙЕВАДОН ÆРКАСТ



## «МÆ ЗÆРДÆ ÆЙ ХУÆНХТИ»

Цæгат Иристони рæхги, 4-13 августи арæзт æрцæуудзæнæй зартæгæнгути коллективти Æхсæндуйнеуон фестиваль «Мæ зæрдæ æй хуæнхти». Куд нисангонд цæуй, уотемæй аци аййевадон мадзали архайунмæ хунд цæунцæ Цæгат Кавкази регионти, уæдта Фæскавказ æма æндæр бæстити героикон æма адæмон зартæгæнæг коллективтæ.

Уæхæн цæмæдесаг проект æнхæстгонд цæуй Цæгат Иристони культури министради хъæппæресæй, æ бацæттæ кæнуни куст ба 'й автономон æнæкоммерцион организаци – културæ æма дзиллон коммуникацити райрæстæн агъазгæнæг фонд «Културон регион»-и бæрни. Фестиваль исаразунæн Уæрæсей культури фонд радех кодта сæрмагонд грант.

Фестивали туххæй уагæвæрди куд загъд ес, уотемæй мадзали сæйрагдæр нисантæ 'нцæ алли бæстити адæмихæттити 'хсæн хæлар рахастдзийнæдтæ федардæр кæнун, културон æма исфæлдистадон æмгустадæн уæлæнхасæн фадуæттæ аразун, хуæдбундор национ музыкалон аййевади хæзнатæ рæгъмæ хæссун æма уотæ идарддæр.

Музыки бæрæгбони программи, æ архайæг коллективти концерттæй уæлдай, уодзæнæнцæ æндæр цæмæдесаг мадзæлттæ дæр: аййевадæртасгутæ æма иннæ экспертти «цæлхæмбурдтæ», исфæлдистадон фембæлдтитæ, национ уæледарæси равдиститæ æма уотæ идарддæр. Фестивали бæрæггæнæнтæ хигъд æрцæуддзæнæнцæ устур гала-концерти. Мадзали архайæг коллективтæн фадуат уодзæнæй нæ республики зæрдæбæлдарæн бунæтти хæццæ базонгæ унæн дæр.



Сергей МЕРЕНКОВИ конд хузæ.

## ЕСКЕ УСХЪÆБÆЛ ÆНЦАЙГÆЙ ХОНХИ СÆРМÆ НЕ 'СХЕЗДЗÆНÆ!..

Нæ нури фурдзорагæ политиктæй еу æрæги еци зундгин хузæй уотæ раунаффæ кодта, нæ бæсти демографион уавæр, дан, æнцонтæй фæррæвдзæдæр гæнæн ес… æндæр паддзахæдтæй нæмæ æрбаледзæг адæми фæрци. Æ еци загъд цæйбæрцæбæл æдзæлгъадæ 'й, уой æхуæдæг, æвæдзи, нæ лæдæруй, фал нæ Райгурæн бæсти исонибонбæл æцæгæй ка тухсуй, етæ ба æ хæццæ нæ исарази уодзæнæнцæ, уомæн æма лæдæрд æй, æцæгæлæнтти фæрци нæ сагъæссаг гъуддæгутæ ке нæ исараздзинан.

Нæ абони сагъæссагдæр фарстатæй ба нæмæ еу æй демографион уавæр, кæци анзæйанзмæ сагъæссагдæр кæнуй (нæ республики аци анзи æртæ мæйей уавæри туххæй игъосуйнаг кæсетæ 2-аг фарсбæл). Иннæ сагъæссаг фарста – нæ республики цæргутæй беретæ сæ карни хабæрттæ зæрдæмæддзæугæдæрæй аразуни фæндæй цæрунмæ цæунцæ æндæр рауæнтæмæ. Нæ республики статистикон управлени куд игъосун кæнуй, уотемæй аци анзи фиццаг квартали уони бæрцæ иссæй 650 адæймаги (фари еци рæстæги ба – 707 адæймаги). Нур уони 'хсæн куд нæ адтайдæ, ами нæхемæ хъæбæр æхсицгонæй ка гъæуй, уæхæн специалисттæ дæр – кенæ ами син нæ разиндтæй аккаг куст иссеруни равгæ, кенæ ба сæ æндæр цидæр уавæртæ фесхъæтæг кодтонцæ. Цидæр адтæй, уæддæр си, гъулæггагæн, фæффудевгæд ан…

Статуправлений игъосункæнуйнагмæ гæсгæ аци анзи 1 апърели уæнгæ нæ республики регистрацигонд æрцудæй цæмæдæр гæсгæ æндæр рауæнтæй ка фæлледзæги æй æма сæ цæрæн рауæнтæ æнæбæри ка райййивта, уæхæн 56 адæймаги (фарæ ба еци рæстæги уæнгæ – 165 адæймаги). Уонæн сæ тæккæ фулдæр – 48 адæймаги (85,7%) æрбафтудæнцæ нæмæ Гурдзийæй. Ка 'нцæ æма ци 'нцæ, уобæл нæ дзордзинан – мах иуазæгуарзон адæм ан æма фусуни æгъдауæй баpæвдаудзинан. Фал уæддæр... Етæ нæ бæрцæбæл ке бафтудæнцæ, е лæдæрд æй, фал нæ цардиуаги хуæрзгъæдæдзийнадæбæл, цума, ци хузи фæззиндзæнæнцæ, амæй размæ зæрдтагонæй ке исиуазæг кодтан, уонæй берæ кæмæйдæрти куд фæффудæнгъæлцæ ан, уотæ бабæй ма рауайæд…

Нæ рагфидтæлтæй нин байзадæй уæхæн загъд: «Еске усхъæбæл æнцайгæй хонхи сæрмæ не 'схездзæнæ!..» Мах дæр уотæ нæ зæгъæн, æма, ци нæуæг адæм нæбæл æрбафтуйуй, уони усхъити фæрци исхездзинан нæ бæлдтити бæрзæндтæмæ. Фал уæддæр нæ зæрдæ ба дарæн, æма етæ сæ хуæрзæгъдау æма лæгигъæдтæй нин аккаг æмдзæргæ ке исуодзæнæнцæ æма нæ царди гъуддæгути кæрæдземæй боз уодзинан… Нæ Исфæлдесæг нин уой исаккаг кæнæд!..

***Æрмæг мухурмæ бацæттæ кодта ХЕКЪИЛАТИ Маринæ.***

## ДЗИЛЛОН МАДЗАЛ



## БÆРНОНÆЙ ЗАГЪД ДЗУРД – ФАРНÆХÆССÆГ!..

Цæгат Иристони мухури æма дзиллон коммуникацити Комитети сæрдар **Фидарати Юрийæн** æрæги адтæй фембæлд нæ республики журналистти хæццæ. Æ радзубандий куд баханхæ кодта, уотемæй Комитети архайди, куд раздæр, уотæ нур дæр сæйрагдæр æй федералон программити бундорбæл дзиллон хабархæссæг фæрæзнити, мухур æма киунугутæуадзæн гъуддæгутæ, уæдта нæ адæми национ-културон ирæзти фарстатæ æнхæст кæнунæн гъæугæ мадзæлттæ аразун. Уой фæдбæл æрхаста берæ аллихузон дæнцитæ.

Ку зæгъæн, мухури æма дзиллон коммуникаций къабази Комитети аци анзи фиццаг æмбеси архайди хатдзæгтæ берæ цæмæйдæрти рауадæнцæ зæрдæмæдзæугæ, æма е нифс дæттуй, райаразуйнаг ма ци фарстатæ 'нцæ, етæ дæр æнхæстгонд ке 'рцæудзæнæнцæ. Уой фæдбæл Фидарифурт уотæ загъта:

– Ес ма нæмæ берæ райаразуйнаг фарстатæ æма фæндитæ, фал сæ цæмæй исæнхæст кæнæн, уомæн ба нæ багъæудзæнæй бæлвурд фæрæзнитæ, æма нæмæ кæд нерæнгæ нæма 'нцæ, уæддæр сæ исамал кæнунбæл архайдзинан æма нин гъæуама бæнтæса. Иннæ гъуддаг ба е æй, æма цæмæй газеттæ æма журналтæ уæйæгонд цæуонцæ, уой туххæй сæрмагонд киосктæ нæ фагæ кæнуй. Дзæуæгигъæуи æма республики цалдæр районеми исæвардтан уæхæн киосктæ, æма адæмæн равгæ уодзæнæй уоми газеттæ æма журналтæ балхæнун кенæ ба сæ рафинсун, уæйæгонд си цæудзæнæнцæ нæ маддæлон æвзагбæл киунугутæ дæр. Байзадæнцæ ма æртæ райони – Алагири, Ирæфи æма Æрæдони районтæ, æма уоми дæр тагъд рæстæги уæхæн киосктæ исæвæрдзинан.

Дзубанди ма цудæй районти газетти редакцити журналисттæ фагæ ке нæййес, уой туххæй. Уой фæдбæл Фидарати Юри куд фегъосун кодта, уотемæй бадзубанди кодта Паддзахадон университети журналистики факультети декан **Хæбæлати Фатими** хæццæ æма сæ студенттæ практикæ кæнунмæ цæудзæнæнцæ районти газеттæмæ.

* * *

Фембæлди рæстæг дзубанди ци фарстати фæдбæл цудæй, уонæй беретæ уойиасæбæл ахсгиаг æнцæ, æма нæ зæрди ес уони фæдбæл сæрмагондæй хецæн æрмæгутæ нæ газети хæстæгдæр номерти ниммухур кæнун.

***Арæзтади æма капиталон цалцæг кæнуни объектти куститæ æнхæст кæнунæн Цæгат Иристонæн уæлæнхасæн лæвæрд æрцудæй миллиард соми. Уонæй 300 миллион соми гъæуама харзгонд æрцæуонцæ Дзæуæгигъæуæн æхсæнадон транспорт балхæнунбæл. Цæгат Иристони нерæнгæ æнхæстгонд цæуй 50 инвестицион проекти.***

## АХУРАДÆ

Аци анзæй фæстæмæ зундгонд профессионалон конкурс «Уæрæсей анзи ахургæнæг»-и уæлахездзаутæн фист цæудзæнæй еу миллион соми, призертæн ба – фæйнæ 500 мин соми. Уой фæдбæл унаффæ æрæги бафинста Уæрæсей Хецауади Сæрдар Михаил Мишустин.

Еци унаффæй ма бæлвурдгонд цæунцæ профессион конкурстæ «Уæрæсей анзи гъомбæлгæнæг»-и, «Уæрæсей анзи директор»-и, «Уæрæсей педагог-психолог»-и, «Уæрæсей ахургæнæг-дефектолог»-и, «Анзи мастер» æма «Зæрдæ сувæллæнттæн дæттун»-и уæлахездзаутæн æхцай зæрдæлхæнæнти бæрцитæ. Аци анзæй фæстæмæ аци конкурсти уæлахездзаутæ есдзæнæнцæ фæйнæ 200 мин соми.

## ТУРИЗМ



Цæгат Иристон бæстондæрæй базонуни, уой хæццæ ба ма ами сæ фæллад исуадзуни зæрдтæй аци анзи æхсæз мæйемæ нæ республикæ бабæрæг кодтонцæ 357,9 мин туристи (фари еци æмгъуди хæццæ рабаргæй, 81,8 мин адæймаги фулдæр).

Идарддæр дæр архайд цæуй нæ республикæмæ æрбацæуæг адæмæн лæггæдтæ æнхæстгæнæг организацити куст хузæнондæр кæнунбæл. Нерæнгæ бал си 49 рацудæнцæ классификацийд æркаст, иннæ 75 фусунати, фæлладуадзæн центр æма бази уавæрæн дæр хæстæгдæр рæстæг аргъгонд æрцæудзæнæй.

Иуазгутæн лæггадæгæнæг фусунатон комплекстæ æма æхсæнадон хуæлцади кустуæтти архайдæй фарæ республикæмæ æрбафтудæй 99 миллион соми.

## ДЕМОГРАФИ



Цæгатиристойнаг статистикон управлени куд игъосун кæнуй, уотемæй аци анзи æртæ мæйемæ нæ республики цæргути нимæдзæ 780 адæймаги фæмминкъийдæр æй. Амунд рæстæг райгурдæй 1725 сувæллони, гъома, фарæ еци рæстæги хæццæ рабаргæй, 6,0% минкъийдæр. Ка рамардæй, уони нимæдзæ раудæй 1855 адæймаги (фарæй 31,1% минкъийдæр). Республики цæргутæй æрдзон уагæй фæгъгъудæй 130 адæймаги (фари фиццаг квартали ба – 859 адæймаги).

2023 анзи æртæ мæйемæ республики исаразтонцæ 519 къайади, ихæлд ба ’рцудæй 931 къайади. Фари еци рæстæги хæццæ рабаргæй, арæзт къайæдти нимæдзæ фæмминкъийдæр æй 12,6%, ихæлд къайæдти нимæдзæ ба 12,6% фæффулдæр æй.

## ХАБÆРТТÆ. ЦАУТÆ.

Цæгат Иристони аци анзи фиццаг æмбеси слестгæнæг управлений æрмæгутæмæ гæсгæ коррупцион архайди фæдбæл арæзт æрцудæй 98 уголовон гъуддаги, уонæй 31 рарвистонцæ тæрхондæнттæмæ. Коррупцион фудракæндти туххæй уголовон æгъдауæй дзуапп агурд æрцæудзæнæй 12 бæрнон бунатилæуд адæймаги. Куд бæрæггонд æрцудæй, уотемæй коррупцион фудракæндтити зæран иссæй 674,3 миллион соми.

* * *

**Дзæуæгигъæуи арæзт æрцудæй зæрдæмæдзæугæ мадзал «Хуардзийнади дзаумауауиндзæн». Исаразтонцæ ’й сувæллæнтти æма фæсеваæди Еугуруæрæсеуон æзмæлд «Фиццæгти Æзмæлд» æма нæ республики сувæллæнтти æма æнагъонти организацити Цæдес. Берæсувæллонгин æма æвæрæз биинонтæбæл байуаруни нисанеуæгæй сувæллæнттæ скъолати ци уæледарæс æрæмбурд кодтонцæ, уони сæхуæдтæ барæвдзæ кодтонцæ хузæнонæй. Æдеугурæй байуарунæн æрцæттæ кодтонцæ уæледарæси, къахидарæси, сæрбæлдаргæ дзаумæутти 35 голлаги.**

* * *

Нæ республики цæргутæ агъазиау федералон наукон медицинон центртæй телевизион медицинон унаффитæ райсуни фадуатæй парахатæй пайда кæнунцæ. Нерæнгæ бал еци равги фæрци æнхæстгонд æрцудæй 1826 унаффи. Аци мадзал уомæй хуарз æй, æма диагноз исбæлвурд кæнун, уæдта дзæбæхкæнуйнади альтернативон гæнæнтæ байагорун ку багъæуй, уæд адæм амунд технологитæй испайда кæнунцæ, сæйгитæн ба аци æууæл нимад æй, регионтæй нæ рандæ уогæй, бæсти раззагдæр специалисттæй унаффитæ райсуни фадуатбæл.

* * *

**Нуртæккæ Чиколай ци физкултурон-æнæнезгæнæн комплекс арæзт цæуй, уоми арæзтадон куститæ фæуун нисан кæнунцæ аци анзи сентябри райдайæнмæ. Комплекси еумæйаг фæзуат æй 5000 квадратон метри.**

* * *

Анзи райдайæнæй нæ республики æрцудæй 522 иссугъди, сæ фулдæр рауадæнцæ æдзæрæг рауæнти. Еци цаути фæммард æй дууæ адæймаги, зингфæдесон-ервæзунгæнæг дæлхайæдти косгутæ си фæййервæзун кодтонцæ еуæндæс, æдас рауæнтæмæ ба ракодтонцæ 876 адæймаги.

## СОЦИАЛОН-ЭКОНОМИКОН КЪАБÆЗТИ РАЙАРАЗУЙНАГ ФАРСТАТÆ



# НÆ УОДВАРНИ ХÆЗНАТÆ – НÆ ИСОНИБОНИ ФÆЛТÆРТÆН

Цæгат Иристонæн ес гъæздуг историон æма културон хæзнадзийнæдтæ. Ес нæмæ берæ рагон циртдзæвæнтæ. Етæ цæйбæрцæбæл цæмæдесаг æнцæ, е бæрæг æй уомæй дæр, æма уони хе цæститæй фæууинун æма сæ хæццæ баст хабæрттæ базонуни нисанеуæгæй анзæй-анзмæ нæмæ фулдæр цæун байдæдтонцæ бæлццæнттæ Уæрæсей еугур рауæнтæй дæр æма фæсарæйнаг паддзахæдтæй дæр.

Еуемæй, е æхцæуæн æй, иннемæй ба нæ ихæсгин кæнуй, цæмæй нæ иуазгутæн Цæгат Иристон алцæмæй дæр цæмæдесаг уа, уобæл никки æновуддæрæй байархайунæй. Ци æма куд хуæздæр исаразун гъæуй нæ уодварни хæзнатæ багъæуай кæнуни туххæй, уобæл ба лæмбунæг дзубанди цудæй æрæги нæ республики Хецауади æмбурди. Разамунд ин лæвардта **Дзанайти Барис** æма æ радзубандий уотæ загъта:

– Нерæнгæ ма нин берæ аллихузон гъуддæгутæ банхæсткæнуйнаг ес нæ уодварнон-културон хæзнатæ æнхæстæй æма аккаг хузи багъæуай кæнунæн. Нæ абони архайдæй арæзгæ ’й, цæмæй сæ федауцæй ниууадзæн нæ исонибони фæлтæртæн.

Федералон нисанеуæг кæмæн ес, уæхæн 411 объекти, уæдта 264 регионалон нисанеуæги хæццæ æма нур ке исбæрæг кодтонцæ, уæхæн 1307 объекти гъæуай кæнуй паддзахадæ. Аци бæрæггæнæнтæ фегъосун кодта Республикæ Цæгат Иристон-Аланий културон бунтæ багъæуай кæнуни æма сæ пайда кæнуни комитети сæрдар Гæлуати Ацæмæз.

Евгъуд анз Алагири, Æрæдони, Ирæфи æма Горæтгæрон районти исбæлвурд кодтонцæ 14 културон объекти багъæуай кæнуни арæнтæ. Уæхæн унаффæ рахаста республики Хецауадæ. Айдагъ Алагири районти æрбунæттон æнцæ 240 объекти.

Аци анзи кæронмæ гъæуайгæнæн арæнтæ исбæрæг кæндзæнæнцæ, Еугуруæрæсеуон туристон-рекреацион комплекс «Мамисон»-мæ хæстæг ци 50 културон уодварни бунтæ ес, уонæн.

– Медбæстон туризм æнтæстгин къахдзæфтæ кæнуй. Нæ иуазгути нимæдзæ фулдæр кæнуй. Туристон маршруттæмæ нæ бафтаун гъæуй културон объекттæ, алли рауæн дæр исæвæрун гъæуй информацион фæйнæгутæ, бæлццæнтти хæццæ ка дзора, етæ ба сæхуæдтæ гъæуама хъæбæр хуарз зононцæ алли объекттæн дæр æ рагон истори æма хецæндзийнæдтæ. Гъуддагмæ кудфæндиу цæстæй гъæуама маке кæса. Гъæуама историон циртдзæвæнти алливарс уа æфснайд æма кæдзос. Е æй аллибони куст, – бафæдзахста Дзанайти-фурт.

Районти сæргълæугутæн сæ ихæс æй, уавæр куд æййевуй, уомæ цæстæ дарун, барвæндонæй си гъæуама маци арæзтæдтæ цæуа.

Паддзахадон есбонадæ æма зæнхи рахастдзийнæдти министрадæ профилон комитети хæццæ еумæ, республикон æма муниципалон есбонади ка ’й, уони уавæрмæ гъæуама цæстæ даронцæ æма сæ багъæуай кæнуни туххæй фæндæнттæ бахæссонцæ. Алли объект дæр бахæссун гъæуй Еумæйаг паддзахадон реестрмæ.

## ЦАРД ÆМА ÆХСÆНАДÆ



### КАДГИНИ ÆГАДÆ КÆНУНИ ТУХХÆЙ – КАРЗ ÆФХУÆРД!..

Сæрмагонд æфсæддон операций архайгутæн (уони хæццæ бархеуонтæн дæр) сæ кадæ дæлæмæ кæнунбæл ка архайуй, етæ нурæй фæстæмæ уголовон æгъдауæй æфхуæрд цæудзæнæнцæ. Уæхæн закъон исфедар кодта Уæрæсей Федераций Паддзахадон Думæ.

Уæззау фæстеугутæ расайæг Уæрæсей Гæрзефтонг Тухти туххæй зонгæ зонун мæнгæ игъосункæнуйнаг ка парахат кæнуй, еци фудгæнæг æфхуæрд цæудзæнæй ахæстдони 15 анзи фæббадунæй.

Уомæй уæлдай Паддзахадон Думæ фæккарздæр кодта сæрмагонд æфсæддон операций бархеуонæй архайгути кадæ дæлæмæ кæнуни туххæй административон бæрнондзийнадæ дæр. Аци статья гъæуай кæндзæнæй айдагъ бархеуонти ном нæ, фал, сæрмагонд æфсæддон операций Уæрæсей нисантæ æнхæст кæнунæн кадæриддæр агъаз кæнуй, еци организацитæ æма адæймæгути нæмттæ дæр.

Санкцитæ раздæри хузæн уодзæнæнцæ уæхæн: Уæрæсей Федераций Гæрзефтонг Тухти æма бархеуонти ном æма кадæ дæлæмæ кæнуни архайди туххæй административон æфхуæрд уодзæнæй 30 мин сомемæй 50 мин соми уæнгæ, уой хæццæ:

– бæрнон адæймæгутæ æфхуæрд цæудзæнæнцæ 100 мин сомемæй 200 мин сомей уæнгæ иварæй;

– юридикон еуæгтæ ба – 300 мин сомемæй 500 мин сомей уæнгæ иварæй.

Уомæй уæлдай, закъон федар кæнуй, тохæндзаумау æнæзакъонæй цæттæ кæнун куд гъæуй, уой дзиллон хабархæссæг фæрæзнити фæрци ка амона, уони нихмæ дæр административон бæрнондзийнадæ.

**Уæрæсей Федераций слестгæнæг оргæнти косæги Бон бæрæггонд цæудзæнæй 25 июли. Еци бон ма бæрæггонд цæудзæнæй цæугæдæнтти пъæлици Бон дæр.**

***Цæгат Иристони уæлбарон цæргути нимæдзæмæ хаст 250 бийнонти аци анзи кæронмæ райсдзæнæнцæ цæрæнуæттæ. Уомæн ци æхца дехгонд цæуй, уой бæрцæ 'й еу миллиард сомемæ хæстæг, фарæ ба е адтæй 400 миллион соми. Сувæллæнтти сæрдигон æнæнезгæнæн фæлладуадзуни гъуддæгутæ исаразунæн Цæгат Иристони дехгонд æрцæудзæнæй 230 миллион соми.***



# БЕРÆ РАВГИТÆ ГЪÆУАМА БЕРÆ ПАЙДА ХÆССОНЦÆ

Куд игъосун кодтан, уотемæй Уæрæсей Федераций Президенти Æнхæстбаргин минæвар Цæгат Кавкази федералон зилди **Юрий Чайка** евгъуд къуæрей кæрони бабæй бабæрæг кодта Цæгат Иристон. Æ косæг балций нисанеуæг адтæй, нæ республики идарддæри социалон-экономикон райрæзти фарстатæ куд æнхæстгонд цæунцæ, уой хæццæ бæлвурдæй базонгæ ун. Юрий Чайка æма Цæгат Иристони Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** бабæрæг кодтонцæ гъæуайкæнуйнадон-промышленнон комплекси кустуæттæ, базонгæ 'нцæ кустадон процессти уавæри хæццæ.

Зæгъæн, акционерон æхсæнадæ «Победит»-и разамунди минæвæрттæ куд радзурдтонцæ, уотемæй кустуат стратегион нисанеуæги продукций рауагъд фулдæрæй-фулдæр кæнуй. Гъæуайкæнуйнадон комплексæн ахсгиаг ка 'й, еци продукций хуæрзгъæдæдзийнадæ бæрзонддæр кæнуни гъуддаги аци кустуат æнгом æмархайд кæнуй Мæскуй машинæаразæн наукон-æртасæн институти хæццæ.

Бæлвурд гъуддæгути фæдбæл бæлвурд зæгъуйнæгти æма фæндонти бундорбæл дзубанди рауадæй иннæ кустуæтти фембæлдтити рæстæг дæр.

Балций фæсте Юрий Чайка æма Сергей Меняйло ци уæрæх æмбурд исаразтонцæ, уоми дзубанди цудæй гъæуайкæнуйнадон-промышленнон комплекси кустуæтти архайд гъомусгиндæр кæнуни фарстатæбæл.

Президенти минæвар æ радзубандий куд фæббæрæг кодта, уотемæй фæстаг рæстæг промышленнон компанитæ (уони нимæдзи æнцæ гъæуайкæнуйнадон-промышленнон комплекси кустуæттæ дæр) сæ аллибони архайди æвзарунцæ аллихузон къулумпитæ, нигулæйнаг бæститæ Уæрæсей нихмæ экономикон санкцитæ ке аразунцæ, уой фудæй. Уой фæдбæл æ загъд адтæй уæхæн:

– Æма цæмæй еци къулумпити сæрти æдасæй рахезæн, цæмæй бæсти технологон райрæзт ма фæккеуа, еци нисанбæл æмхъауритæй бакосун гъæуй. Сæрмагондæй, гъæуайкæнуйнадон-промышленнон комплекси архайди туххæй ку дзорæн, уæд аци фарстай фæдбæл лæмбунæг дзубанди рауадæй, куд Цæгат Кавкази федералон зилди регионти æмбæвзадæбæл, уотæ Уæрæсей Федераций Гъæуайкæнуйнади æма Промышленности æма базаради министрадти бæрнон косгути хæццæ дæр. Еци фембæлдтити бæлвурд унаффитæ хаст æрцудæй региони гъæуайкæнуйнадон-промышленнон комплекси косæндæнтти архайд фæахедгæдæр кæнуни туххæй.

Æмбурди архайгутæ куд фæббæрæг кодтонцæ, уотемæй цæгатиристойнаг кустуæттæ аци анзи райдайæнæй нурмæ æвдесунцæ ирæзти бæрæггæнæнтæ. Зæгъæн, айдагъ фиццаг квартали «Победит»-и продукций рауагъдадæбæл бафтудæй 62 процентемæй фулдæр. Хуæздæр бæрæггæнæнтæ æфтуйуй кустуæттæ «Бином»-и, «Баспик»-и, «Разряд»-и, Алагири сопротивленити завод æмæ иннети коллективти къохи дæр. Еумæ райсгæй, фари хæццæ рабаргæй, атæ дæр продукций рауагъдадæбæл бафтудтонцæ 30-90 проценти бæрцæ.

Æмбурди архайгутæ се 'ргом раздахтонцæ, кустуæттæн цæмæй сæ архайд æнтæстгиндæр уа, уой туххæй æнæмæнгæ райаразун ке гъæуй, еци гъуддæгутæмæ, зæгъæн, фагæ заказтæ син дæттун, заводтæ дæсни специалисттæй æнхæстæй ефтонг кæнун æма æндæр ахсгиаг кустадон фарстатæмæ.

Æмбурди ци фарстатæбæл цудæй дзубанди, уони фæдбæл сæ гъудитæ загътонцæ профилон федералон æма республикон ведомствити бæрнон косгутæ, уæдта ма акционерон æхсæнадæ «Победит»-и техникон директор **Игорь Морозов**, Цæгат Кавкази федералон университети ректор **Дмитрий Беспалов**, æндæр кустадон æма ахурадон къабæзти минæвæрттæ. Сæ радзубандити медес кæд цæмæйдæрти фæйнæхузон адтæй, уæддæр сæ еугæнæг сæйраг гъуди ба еу адтæй: гъæуайкæнуйнадон-промышленнон комплекси кустуæтти æнтæстгин кустæн нæ республики ес гъæугæ равгитæ æма си гъæуама æнтæстгинæй пайдагонд цæуа, цæмæй республикæн дæр æма паддзахадæн дæр пайдахæссæг исуонцæ.

Еугур фарстати фæдбæл дæр хаст æрцудæнцæ бæлвурд унаффитæ.

# «КОСУН КЕ ФÆНДУЙ, УОЙ ХУЦАУБОН ДÆР НÆ УОРАМУЙ...»

Юрий Чайка æма Сергей Меняйло нæ республики гъæуайкæнуйнадон-промышленнон комплекси кустуæтти минæвæртти хæццæ ци еумæйаг æмбурд исаразтонцæ, уоми дзубанди цудæй аци къабази хуæрзцæттæ гъæугæ специалисттæ сæмæ ке нæ фагæ кæнуй, уой фæдбæл. Уогæ уæхæн уавæрæй тухстдзийнæдтæ 'взарунцæ иннæ промышленнон æма гъæууонхæдзарадон къабæзти дæр. Уотемæй ба нæ республики кустагор адæм æгæр берæ дæр ма 'нцæ.

Нæ рагфидтæлтæй нин байзадæй загъд: «Косун ке фæндуй, уой хуцаубон дæр нæ уорамуй…»

Æма уотæ нæй? Косун ке фæндæуа, уой хорбони хор æгæр содзуй, уарундзæги ба ниххулуй унæй тæрсуй…

Раст зæгъгæй, нури рæстæги алцæмæй дæр зæрдæмæдзæугæ куст зин иссерæн æй. Уомæ гæсгæ беретæ, æцæгæй косун ке фæндуй, етæ уæддæр цидæр равгитæ ерунцæ. Æма абони фæллойнади къабази уавæр цæхуæн æй?

«Цæгат Кавказстат»-и цæгатиристойнаг управлени куд игъосун кæнуй, уотемæй 2023 анзи январи-мартъий республики еугур кустуæттæ æма косæндæнтти фæллойнæгæнгути нимæдзæ рауадæй 114,7 мин адæймаги, гъома, фари еци рæстæги хæццæ рабаргæй, 100,0%.

Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Адæмæн кустдæттæг комитети бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ, 2023 анзи мартъий кæрон æгуст адæми номхигъдтæмæ хаст адтæй 3,4 мин адæймаги. Æгуст адæймаги официалон уагæвæрд адтæй 3,1 мин адæймагмæ (е æй, фари хæццæ рабаргæй, 26,1% минкъийдæр).

2023 анзи мартъий кæрони агъазесæг æгуст адæми нимæдзæ адтæй 2,1 мин адæймаги, гъома, фари хæццæ рабаргæй, 9,8 % минкъийдæр.

2023 анзи мартъий кæрон кустуæттæ æма косæндæнтти нæ фагæ кодта 1514 косæги, фарæ еци афони ба – 1586 косæги.

## ЦИУАВÆР ДÆСНИАДÆ ЗÆРДÆМÆДЗÆУГÆДÆР ÆЙ?

Нури дæсниæдти 'хсæн тæккæ зæрдæмæдзæугæдæр кæцитæ 'нцæ? Дзиллон цæстингас бæлвурдгæнæг Еугуруæрæсеуон центри æртасгутæ уæхæн фарстатæ уæрæсейæгтæй кæмæ равардтонцæ, уони дзуæппитæ еумæйагæй рауадæнцæ мæнæ ауæхæн:

**Информацион технологити специалист – 31%**
**Медицинон къабази косæг – 30%**
**Æфсæддон службæгæнæг – 19%**
**Ахуради къабази косæг – 16%**
**Косæг – 14%**
**Инженер – 10%**



## ДÆ ЦЪУХБÆЛ КУ НÆ ХУÆЦАЙ!..



Скæсæни дзурддзæугæ лæг Насреддин хуæрзæригон ма ку адтæй, уæд имæ æ фидæ æхца равардта æма 'й рарвиста фуси фунх сæр балхæнунмæ. Биццеу балхæдта сæр. Фал фæстæмæ сæхемæ æздæхгæй бахуардта, бахуæрунæй ибæл цидæриддæр адтæй, уой. Сæхемæ ку бацудæй, уæд æ фиди рази æрæвардта уотид сæрикъудур. Фидæ 'й еци десгæнгæй фæрсуй:

– Биццеу, айæ циуавæр сæр æй, æ гъостæ кæми 'нцæ?

– Фус, мæгурæг, къуру адтæй, – дзуапп ин равардта фурт.

– Æма уæд æ цæститæ ба кæми 'нцæ?

– Хъæрæу адтæй, баба, хъæрæу…

– Гæрр, цар дæр ибæл нæ адтæй?

– Ци киндæуа, тарнезæй сæйгæ адтæй…

– Гъо, æма 'й уæд цæмæн балхæдтай, æви не 'хцатæ ракæлæ-бакæлæ кæнунцæ?

– Æ дæндæгутæ мæ зæрдæмæ фæццудæнцæ æма имæ хъæбæр рахицæ кодтон!..

* * *

*Нури Уæрæсей дæр уотæ нæй? Бюджетæй æгæрон берæ фæрæзнитæ рæдауæй ке къохти бакæнунцæ, цæмæй си бæстæн дæр æма адæмæн дæр бæлвурд гъæугæдзийнæдтæ исаразонцæ, етæ си сæ агъазиаудæр хай сæхердигæй фæккæнунцæ, десæгтæ си сæхецæн исаразунцæ, ци гъæуама исаразтайуонцæ, уони ба кенæ æгириддæр нæ исаразунцæ, кенæ ба сæ «ами тъæпп-уоми тъæппитæй» уотæ рацъапп кæнунцæ æнæбæзгитæй.*

**Вячеслав ВОЛОДИН, Уæрæсей Федераций Паддзахадон Думи сæрдар, бахаста фæндон, цæмæй æфсади рæнгъити ка нæ баслужбæ кодта, уонæн лæвæрд ма цæуа паддзахадон кусти бунæттæ ахæссуни барæ.**



* * *

Æ аци фæндонæн закъони тухæ лæвæрд ку 'рцæуа, уæд, баруагæс уи уæд, нæ хецаудзийнади бæрнондæр бунæттæ ахæсгути рæнгъитæ зингæ гъæуама ракæдзос уонцæ – хъæбæр беретæ си æфсади еу бон дæр нæ баслужбæ кодтонцæ. Уогæ мацæмæй тæрсæнтæ – ауæхæн гъуди цал æма цал хатти райгъустæй, сауæнгæ ма цидæр унаффитæ дæр рахастонцæ. Æма ци?.. Хецаудзийнади бæрзонди бадгутæй æ бон кæмæн куд æй, уотæ архайунцæ сæ фуртти æфсадмæ цæуни ихæсæй фæцъцъерф кæнунбæл – гъома, сæ рæстæг уоми дзæгъæли цæмæн исафонцæ…



**Андрей БЕЛЬЯНИНОВ, Уæрæсей таможний служби раздæри разамонæг, айтишникти исхудта «социалон æгъдауæй æнæразмæцудтæ», нæ бæстæй си ка фæллигъдæй, етæ ба ин æнцæ бустæги «æнæхуцæуттæ».**

* * *

Аци «паддзахадон архайæгæн» æхе ба ци исхонун æнгъезуй, хецаудзийнади бæрзондæй-бæрзонддæр бунат ахæсгæй ци «социалон æдзæсгондзийнадæй» фескъуæлхтæй, уомæ гæсгæ?

Цæветтонгæ, æ хæдзари имæ ку бадеголæ кодтонцæ, уæд имæ иссирдтонцæ аллихузон валютæй цъоппидзаг къахидарæси къоппитæ, аллихузон хъазарæй-хъазардæр дзаумæуттæ. Е дин социалон размæцуд æма уодрохсдзуд!..

**Сергей АКСЕНОВ, Республикæ Хъирими Сæргълæууæг: «Æз уотæ нимайун, æма æнæмæнгæ гъæуй Уæрæсей Гимнæн нæ исистуни – еци цау документалон æгъдауæй бæрæггонд ку 'рцæуа – туххæй граждандзийнадæй цохгонд кæнуни фарста…»**



* * *

Æма уæд Уæрæсей Федераций Конституци ба? Кенæ иннæ æндæр закъонтæ нæ бæсти гражданини барти туххæй? Уоми гимнæн исистуни-нæ исистуни туххæй нерæнгæ нецима финст ес. Нæкæси, Аксенов Уæрæсей Гимни дзурдтæ ба зонуй? Уæдта æ разарунмæ дæр исарæхсдзæнæй?

**Бацеу-бацеутæ зæгъуни Бон бæрæггонд цæудзæнæй 26 июли. Бæрæг ба 'й, æвæдзи, фиццагидæр кæндзæнæнцæ нæ царди хабæрттæбæл дзуапдæтгутæ – уони хузæн бацеу-бацеутæ кæнунмæ неке арæхсуй.**

*Юрий ЖУКОВ (1908-1991), тугъдон журналист, 1943 анзи финста: «Ирон адæми бонзонгæ фурт, Ленинон фæскомцæдеси сахъ гъомбæлгæнæг ГАГКАЙТИ Алихани агъазиау гъæддухдзийнади дæнцæ гъæуама алкæддæр æвдесæнæн лæууа дæ размæ,*



*Цуппаринсæй анзей размæ 1943 анзи сæрди Курски, Орели æма Белгороди рæбун æрцудæй Устур Фидибæстон тугъди агъазиаудæр тугъдтитæй еу – Курски тугъд. Карз тугъдтити Советон Гæрзефтонг Тухтæ знагæн никкодтонцæ бæрзæйсæттæн цæф: «Кæд Сталингради рæбун тугъд равдиста, немуцаг-фашистон æфсади хор ке фæннигулуй, уой, – загъд адтæй Гъæуайкæнуйнади Паддзахадон Комитети Сæрдар И.В. Сталини доклади 1943 анзи 6 ноябри, – уæд æй Курски бунмæ тугъд ба æрлæууун кодта æ исæфти къахбæл…»*




# КУРСКИ ТУГЪД:

## СУРХ ÆФСАДИ УÆЛАХЕЗ ИССÆЙ НÆ АДÆМÆН НИФСДÆТТÆГ, ЗНАГÆН БА – АДЗАЛХÆССÆГ

Æрлæууун кæнæн нæ зæрдæбæл, Курски тугъд ци уавæрти цудæй, уой. 1942-1943 æнзти зумæги тугъдтити, уæлдайдæр ба Сталингради рæбун, гитлерон вермахти æфсæдтæ æрцудæнцæ дæрæнгонд. Гитлер æма æ фæсдзæуинттæ нимадтонцæ, зæгъгæ, нерæнгæ нæма фæммулди 'нцæ æма уæззау уавæрæн ес фæхххуæздæргæнæн. 1943 анзи февраль-мартъий фашистон æфсæдтæ райдæдтонцæ æмпурсун хонсар-искæсæнæрдæмæ. Карз тугъдтити знагæн æ бон бацæй советон æфсæдти нимпурст бауорамун æма Донбасси территорийи хай æма сахар Харьков фæстæмæ байахæссун. Фал знагæн æ сæйрагдæр устур политикон æма стратегион нисантæ æ къохи нæ бафтудæнцæ. Сурх Æфсад бауорæдта знаги нихмæ нимпурст. Еугур советон-германаг фронти тугъдтитæ æрсабур æнцæ. Курски рази фронти ханхæ иссæй къæлæти хузæн. Аци рауæн райдæдтонцæ æнæфæууинд тогниккалди тугъдтитæ 1943 анзи сæрди.

Гитлерон æфсæдтæ 1943 анзи 5 июли райдæдтонцæ æмпурсун Курски рæбунмæ. Æ тухи бацудæй «Цитадель» – уотæ хундтæй гитлерон æфсæдти операций пълан. Фашисттæ ибæл сæ зæрдæ хъæбæр дардтонцæ. Цæмæй еци пълан исæнхæст кæнун сæ къохи бафтуйа, уой туххæй ардæмæ æрбагæлстонцæ сæ тæккæ тугъдгъондæр æфсæдтæ – 50 дивизий, уонæй 16 адтæнцæ танкон æма моторгин дивизитæ. Се 'фсæддонти еумæйаг нимæдзæ адтæй 900 мин адæймагей бæрцæ. Тохæндзаумауæй сæмæ адтæй 10 мин дзармадзани æма минометы, 2700 танки бæрцæ, 2 мин хуæдтæхæгемæй фулдæр. Сæрдигон нимпурсти размæ немуцаг-фашистон æфсæдтæ райстонцæ нæуæг танкитæ «Пантера», «Тигр», дзармадзантæ «Фердинанд». Сæ авиацибæл бафтудæй нæуæг хуæдтæхгутæ – Фокке-Вульф-190А æма Хенкель-129.

Нæ бæсти уæди разамунди рæстмæ архайди фæрци бантæстæй нæ фидибæстон æфсад тугъдон техникон фæрæзнитæй фæффулдæр кæнун, нæуæгдæр тохæнгарзæй исефтонг кæнун. ССР Цæдеси Гæрзефтонг Тухтæ организацион æгъдауæй исфедар æнцæ, исирæзтæй сæ тугъдон дæсниадæ æма арæхстдзийнадæ. Сурх Æфсадмæ фагæ адтæй уæхæн тухтæ, цæмæй 1943 анзи сæрди райдайа размæ æмпурсун.

Советон æфсæддон разведкæн æ къохи бафтудæй, знаг Курски бунмæ æмпурсун кæд райдайдзæнæй, уой базонун. Уæлдæр Командæкæнуйнади Ставкæ исаразта гъæуайкæнуйнадæн тугъдтити знаги тухæ басæттуни, уæдта размæ æмпурсуни пълан.

Советон æфсæдтæ 5 июли цæттæй исæмбалдæнцæ знагбæл. Цудæй æгъатир тох. Курски тугъд бонæй-бонмæ карздæр кæнгæй, рахаста 23 августмæ. Дууердигæй дæр си архайдта: 4 миллион адæймаги, 70 мин дзармадзан æма минометы бæрцæ, 13 мин танки æма хуæддзæугæ дзармадзаней бæрцæ, 12 мин хуæдтæхæги.

Знаг размæ æмпурста айдагъдæр къуæрей дæргъи. 12 июли æ фæндитæ фехалдæнцæ. Æрцудæй ибæл устур зæрантæ, æ бон бабæй размæ рацæуун иссæй айдагъдæр 10-12 километри Центрон фронти æма 35 километри Воронежи фронти.

Воронежи фронти нихмæ цæфи фæрци 23 июлмæ знаг гæлст æрцудæй, размæ æмпурсун кæцæй райдæдта, уордæмæ.

Нæудæс боней дæргъи тугъдтити дууердигæй архайдтонцæ 2,6 миллион адæймаги, 38 мин дзармадзани æма минометы, 8 мин танки æма хуæддзæугæ артиллерион установки, 6 мин хуæдтæхæги. Советон æфсæдтæн фæцæй хуарз уавæр размæ агъазиау нимпурст исаразунæн. Еци нимпурст райдæдта 12 июли. Архайдтонцæ си Сурх Æфсади æхсæз фронтей тухтæ.

Советон æфсæддон пълан «Кутузов» æнхæстгонд цудæй Искæсæйнаг, Брянски æма Центрон фронтти еумæйаг хъауритæй. Еци рæстæг син командæ кодтонцæ инæлартæ В.Соколовский, М.Попов æма К. Рокоссовский. 12 июли размæ рампурстонцæ Искæсæйнаг æма Брянски фронттæ, 15 июли – Центрон фронт, 18 августмæ дæрæнгонд æрцудæнцæ, знагæн Орели фарсмæ ци æфсæдтæ адтæй, етæ.

Еци рæстæг, 1943 анзи 3 августæй 23 августмæ æнхæстгонд æрцудæй пълан «Полководец Румянцев». Архайдтонцæ си Воронежи, Будуйраг æма Хонсар-Искæсæйнаг фронтти тухтæ. Фронттæн разамунд лæвардтонцæ инæлартæ Н.Ватутин, И.Конев æма Р.Малиновский. Аци карз тугъдтити фæрци не 'фсæдтæ иссæребарæ кодтонцæ сахар Харьков, знагæн исаразтонцæ агъазиау зæрантæ. Уой хæццæ ба арæзт æрцудæй еугур уавæртæ дæр, цæмæй советон æфсæдтæ идарддæр дæр æмпурсонцæ Днепрмæ, уæхæн адтæй Сурх Æфсади стратегион пълан фæлгъауæн дæр.

Мæскуй 5 августи фиццаг хатт ци кадгин салют лæвæрд æрцудæй, е адтæй, Орел æма Белгород ка иссæребарæ кодта, еци бæгъатæр æфсæдти кадæн. Еци бонæй фæстæмæ Советон Гæрзефтонг Тухти уæлахезти кадæн лæвæрд цудæй уæхæн салюттæ.

Курски тугъди фæрци советон æфсæдти къохи бафтудæй историон уæлахез. Аци агъазиау стратегион тугъди ССР Цæдеси Гæрзефтонг Тухтæ знагæн никкодтонцæ уæхæн бæрзæйсæттæн цæф, æма фашистон Германи æ къæхтæбæл ислæуун нæбал бафæразта. Советон æфсæдтæ ниппурхæ кодтонцæ знаги 30 дивизий, уони хæццæ 7 танкон дивизий. Германий фестæг æфсадæй фæгъгъудæй 500 мин адæймаги, 1500 танки, 3 мин дзармадзани, 3700 хуæдтæхæги. Курски тугъд цудæй 50 сутки. Знагæй аллибон исавдæй 10 мин салдат æма афицери, 30 танки, 60 дзармадзани, 74 хуæдтæхæги.

Уæхæн зæранти фæсте гитлерон æфсæдтæн еугур советон-германаг фронти дæр сæ бон размæ æмпурсун нæбал адтæй.

Цитгин Фидибæстон тугъди рæстæг советон адæми тох фашистон Германий нихмæ равардта, абони дæр ма расагъæс кæнуни аккаг ка æй, уæхæн берæ хатдзæгтæ. Сæ сæйрагдæр медес ба е æй, æма Советон Цæдеси дзиллæ æнæгъæнæ дуйнейæн дæр равдистонцæ, рæстади фæдбæл тохмæ ци рæстзæрдæ æма сæребарæуарзон адæмтæ исистадæнцæ, уони ка басæтта, уæхæн тухæ дуйнетæбæл нæма исæнтæстæй, уæдта, æвæдзи, æнтæсгæ дæр не 'скæндзæнæй...

Уæд, нуртæкки доги нæ ци фудæзнæгтæ гъигæ дарунцæ, еци адзалхæсгути нихмæ рæстзæрдæ адæмтæ цæмæннæ æрбайеу кæнунцæ сæ хъауритæ æма гæнæнтæ, цæмæннæ нæ ниххорх кæнунцæ терроризм парахатгæнгути, еу адæмихæттити иннети нихмæ ардаугути æма æндæр уæхæн мæлæтхæссæг маргæйдзæг хелгути?.. Æви нæ истори æгириддæр нецæбæл ахур кæнуй?..

***Василий МОРОЗОВ,***
***болкъон, æфсæддон наукити кандидат.***

## ИЗ ПЕРВЫХ УСТ



**Иосиф СТАЛИН (1879-1953), в годы Великой Отечественной войны Председатель Государственного Комитета Обороны:**

«Что касается битвы под Курском, то она закончилась разгромом двух основных наступающих групп немецко-фашистских войск и переходом наших войск в контрнаступление, превратившееся потом в мощное летнее наступление Красной Армии. Битва под Курском началась наступлением немцев на Курск с севера и с юга. Это была последняя попытка немцев осуществить большое летнее наступление и в случае ее успеха наверстать потерянное. Наступление окончилось, как известно, провалом. Красная Армия не только отбила наступление немцев, но сама перешла в наступление и рядом последовательных ударов в течение летнего периода отбросила немецко-фашистские войска за Днепр.

Если битва под Сталинградом предвещала закат немецко-фашистской армии, то битва под Курском поставила ее перед катастрофой...»

**РЕДАКЦИЙÆЙ.** Курски тугъди архайдтонцæ Цæгат Иристони тугъдонтæ дæр – æртæ мин адæймагемæй фулдæр. Етæ сæхе уоййасæбæл æхсаргинæй бавдистонцæ, æма сæ бæгъатæрдзийнади хабæртти кой райгъустæй еугур фронттæбæл дæр. Уой туххæй ма сæрмагондæй дзубанди кæндзинан нæ газети хæстæгдæр номерти. Абони ба мухур кæнæн уонæй еу, **Гагкати Æндрейи фурт Алихани** туххæй æрмæг – е агъазиау лæгдзийнадæ бавдесгæй, фæммард æй Курски тугъди рæстæг, аккагонд ин æрцудæй Советон Цæдеси Бæгъатæри цитгин ном.



*ærigon artillerist!.. Kæmidæriddær uaj, alkæddær dæ zær-dæbæl daræ Gagkaj-furti.* 





# ГАГКАЙТИ ÆХСАРГИН АЛИХАН

Гагкайти Алихани туххæй æ рæстæг финст æрцудæй берæ аллихузон æрмæгутæ, æма уонæмæ гæсгæ бацæттæ кодтан, мæнæ абони ци уац мухур кæнæн, уой дæр.

* * *

Авд анзи дæр æнхæст нæма цудæй Гагкайти Алиханбæл, бустæги седзæрæй ку байзадæй, уæд. Цардæй æ хеуæнттæмæ æ райгурæн гъæу Гъæдгæрони. Ахур кодта скъолай. Адтæй æнæзийнадæ, кæдзосзæрдæ æма æфсæрмигæнагæ биццеу, аргъ кодта хестæртæн, зæрдтагон ин адтæнцæ æ райгурæн зæнхæ, æ фидтæлти уæзæг, æ къона. Еудзурдæй, гъомбæл кодта не ʼгъдæуттæбæл.

Æртиндæсанздзуд Алихани 1930 анзи æ хестæр æнсувæр Михал, Плеханови номбæл институти студент, фæххудта Мæскумæ æма ʼй фæскомцæдеси Краснопресненски райкоми агъазæй равардта нæуæгдзаути фæнзуйнаг хæдзарæмæ. Е адтæй сувæллæнтти интернационалон хæдзарæ, адтæй си æхе астанзон скъола-интернат. Уоми адтæнцæ седзæр сабийтæ Мæскуйæй, Украинæй, Белорусийæй æма ССР Цæдеси æндæр республикитæй. Цардæнцæ си æма ахур кодтонцæ Болгарий æма Европи æндæр бæститæй революционерти сувæллæнттæ дæр.

Гагкайти Алихан адтæй нæуæгдзаути хæдзари хуæздæр, зæрдæргъæвддæр ахурдзаутæй еу. 1932 анзи аст къласи хъæбæр хуарз бæрæггæнæнти хæццæ каст ку фæцæй, уæд ахур кæнунмæ бацудæй Мæскуй автомобилон нæдти институти рабфакмæ, уой фæсте ба – еци институтмæ. 1939 анзи Гагкæ-фурт фæскомцæдесон путевкæмæ гæсгæ бацудæй уæди рæстæги кадгин æфсæддон училищемæ – Сурх Октябри номбæл Ленингради Сурхтурусагин 1-аг артиллерион училищемæ æма ʼй каст фæцæй æмгъудæй раздæр хъæбæр хуарз бæрæггæнæнти хæццæ. 1940 анзи феврали ин лæвæрд æрцудæй æфсæддон цин «лейтенант» æма ʼй рарвистонцæ Одесси æфсæддон зилдмæ. Адтæй 74-аг æхсæг дивизий 78-аг полкки танкити нихмæ тохгæнæг артиллерий взводи командир. 1940 анзи сæрди лейтенант Гагкæ-фурт архайдта Бессараби уæгъдæ кæнунбæл операций.

Устур Фидибæстон тугъд æй æрæййафта румынаг арæнмæ хæстæг сахар Ананьеви (Одесси облæст). Æригон афицер архайдта немуцаг-фашистон æрбалæборгути нихмæ карз тугъдтити Хонсар фронти. Размæмпурсæг знаги æма сæ нихмæлæууæг сурхæфсæддон хæйтти тухтæ æмбæрцæ нæ адтæнцæ. 74-аг æхсæг дивизий хæйтти багъудæй фæстегæй æрлæууни сæр. Цудæнцæ скæсæнæрдæмæ тох кæнгæй. Гагкæ-фурти взвод полкæн аразта фадуæттæ фæстегæй æрлæуунæн, уорæдта фашистти размæмпурст. Тохæй-тохмæ ирæзтæй артиллеристти арæхстдзийнадæ, взвод исфедар æй, истухгин æй, лейтенант Гагкати Алихан ба исæй арæхстгин, æхсист командир, артиллерий гъуддаги дæсни.

Знаг ма уæд хъаурæгиндæр адтæй æ гæнæнтæ-равгити фæрци, æма махонтæн дæр æндæр гæнæн нæ адтæй, цудæнцæ фæстæмæ. Сæ хæццæ цудæнцæ Гагкæй-фурти артиллеристтæ дæр – сæ фæсте сахартæ æма гъæутæ уадзгæй, кæд зæрдрист æма мæстæлгъæдæй идзаг адтæнцæ, уæддæр зæрдсаст ба нæ адтæнцæ, еци æвервхъау уавæрти дæр федарæй си æруагæс кодта, æнæмæнгæ уæлахезон ке уодзæнæнцæ. Цитæ ба нæ бавзурстонцæ нæ тугъдонтæ знаги фестæг æфсади æма танкити нихмæ тугъдтити: уæззау минометон-артиллерион цæфтæ, фашистон авиаций бомбæзгъæлд, æрхъолай карз гъезæмæрттæ. Алцæмæн дæр нифффæразтонцæ Гагкайти Алихан æма æ тугъдон æмбæлттæ 1941-1942 æнзти. Архайдтонцæ Украини, Дони æма Цæгат Кавкази гъæуайкæнуйнадон тугъдтити.

Гагкай-фуртæн 1942 анзи ра-




вардтонцæ хестæр лейтенанти цин æма ʼй иснисан кодтонцæ батарейи командирæй.

Ралæудтæй 1943 анз, æма не ʼмзæнхони райййивтонцæ нæуæг арæзт легендарон кунæггæнæг артиллерион хæйттæмæ, иснисан æй кодтонцæ 1008-аг кунæггæнæг полкки 5-аг батарейи командирæй.

Цæйбæрцæбæл æнхæст кодтонцæ Гагкай-фурти батарейи тугъдонтæ сæ ихæстæ, уомæн ба æвдесæн æй е дæр, æма 1943 анзи 3 июли 1-аг гвардион танкгин æфсади Æфсæддон Совети иуонг Н.К. Поппель Гагкай-фурти батарейæн равардта æфсади Цæугæ туруса, куд 1-аг танкгин æфсади хуæздæр артиллерион батарейæн, уотæ. Уомæй минкъий раздæр ба батарейæ хуарзæнхæгонд æрцудæй Ленинон фæскомцæдеси Центрон Комитети Грамотæй.

1943 анзи 5 июли сæуми 6 сахаттебæл райдæдтонцæ бурсун фашисттæ. Гитлеронти сæйраг цæвæн тухæ адтæнцæ танкитæ. Устур нифс сæ адтæй нæуæг танкитæ «Тигр»-тæ æма «Пантерæ»-тæй, хуæдцæугæ дзармадзан «Фердинанд»-æй. Гагкай-фурти батарейи нихмæ цудæнцæ 35 бронемашини. Разæй лæгæрстонцæ «Тигр»-тæ, уони фæсте ба рæстæмбес æма рæуæг танкитæ, гъæуай сæ кодтонцæ «Фердинанд»-тæ. Махонтæ сæ æрбауагътонцæ 500-600 метремæ, уæдта хестæр лейтенант Гагкай-фурт равардта бардзурд:

– По танкам! Подкалиберным! Прицел постоянный! Огонь!

Батарейи 76-миллиметрон дзармадзантæ æмгуп никкодтонцæ, искалдæй фашистон танкитæй цалдæрей хъуæцæ. Иннетæ уæддæр лæстæнцæ размæ, сæ дзармадзантæй гæрæхтæ кæнгæй. Батарейи рауæнтæ æхстонцæ гитлеронти миноменттæ æма артиллери дæр. Карз тугъд рахаста цалдæр сахати. Фашисттæ дууæ хатти æрхъола ʼнцæ Гагкай-фурти батарейбæл, фал артиллеристтæ нæ фæттастæнцæ, нæ ниууагътонцæ сæ тохæн бунæттæ, карз нихкъуæрд лæвардтонцæ фашистон танкити æма фестæгæфсæддонти нимпурститæн. Æвддæс танки фæгъгъудæй знагæй еци тохи, цуппар си ниддæрæн кодта Гагкай-фурт æхуæдæг, дзармадзани цæф наводчики раййевгæй. Сæдæгай гитлеронтæ цагъди фæцæнцæ артиллеристти æхстæй. Устур зæрантæ æрцудæй не ʼмзæнхони батарейбæл дæр. Артиллеристтæн сæ фулдæр бæгъатæрæй фæммард æнцæ, берæ си адтæй цæфтæ дæр. Ниппурх æнцæ танкити нихмæ тохæн дзармадзантæ. Удæгасæй ма ка байзадæй, еци артиллеристтæ сæ къохтæмæ райстонцæ ПТР-тæ (противотанковое ружье) æма уонæй уорæдтонцæ танкити размæмпурст. Сæ тохæн æрмæг ку фæцæй, уæд ма си удæгасæй ци фараст тугъдони байзадæй, уони æ фæдбæл атаки ракодта уæззау цæф Гагкай-фурт æма æхуæдæг дæр бæгъатæрæй фæммард æй.

Уæд ибæл цудæй æдеугурæй æхсæз æма инсæй анзи... Еци æригонæй байзадæй адæми зæрдити æностæмæ. Байзадæй Фидибæсти æдæргæ патриотæй, Иристони кадæ æма намусæй.

Гъулæггагæн, берæ æнзти дæргъи Гагкайти Алихан нимад адтæй æбæрæгæй исæфтбæл. Курски къæлæти берети бæгъатæрдзийнади æцæгдзийнадæ нæ рабæрæг æй афойнадæбæл. Айдагъдæр, Уæлахези бонæй инсæй анзи ку рацудæй, уæд исбæрæг æй рæстдзийнадæ. 1965 анзи 6 майи ССР Цæдеси Сæйраг Совети Президиуми Указмæ гæсгæ Гагкайти Алиханæн лæвæрд æрцудæй Советон Цæдеси Бæгъатæри ном. Бæгъатæри ном хæссунцæ Гъæдгæрони астæуккаг скъола æма гъæуи гъæунгтæй еу. Æ номерæнæн ин адæм дæр æма нæ исфæлдистадон косгутæ дæр исаразтонцæ берæ зартæ, уонæй еу мухур кæнæн абони.

* * *

Гагкайти Алихани цардвæндаги æма æхсаргин æскъуæлхтдзийнæдти ахедундзийнадæ уоййасæбæл агъазиау æй, æма си нæ абони цардарæзти дæр гъæуама пайдагонд цæуа, уæлдайдæр ба нæ ирæзгæ фæлтæрти хуæрзæгъдаугинæй æма нæ Фидибæстæбæл æновуд унæй, æ сæрбæлтау арфиаг гъуддæгутæй фескъуæлхунмæ сæ гъомбæл кæнуни мадзæлтти. *ærigon artillerist!.. Kæmidæriddær uaj, alkæddær dæ zær-dæbæl daræ Gagkaj-furti. Uoj ærttevgæ dænci du isserdzæ-næ gъomusi, cærdægdzijnadi, xebæl æuuændundzijnadi, Fidi-bæstæbæl euzærdiuonæj ænovud uni ævedujgæ ævzuræn…»*

## Æ НАМУСИ КАДÆГ НÆРДЗÆНÆЙ ÆНОСТÆМÆ!..

### ГАГКАЙТЫ АЛИХАНЫ ЗАРÆГ

*Ныхæстæ – Дзасохты Музафер*
*Музыкæ – Цорионти Резван*

*Æнусон цъититæ нæ уæндынц Хъæриумæ, гъей!*
*Дæрдтæй йæм фæлгæсынц, гъей!*
*Мæ уарзон æмбæлттæ, ныззарæм цæй иумæ*
*Хъæбатыр цæргæсыл, гъей!*

*Къæхтысæр фæндагыл сæгуыт дæр фæллайы,*
*Æрбады ʼмæ фесты, гъей!*
*Гагкайты фæйнæгфарс йæ цæфтæ нымайы,*
*Нымад ын нæ фесты, гъей!*

*Нæ уарзон хæхбæсты куы скæны ыстыр хъызт,*
*Кæд ниуы ахъаззаг, гъей!*
*Германы сау хæстæй йæ кады ном сыхъуыст,*
*Йæхæдæг уым баззад, гъей!*

*Бехъаны къуырфауы цы суадæтты цад и!*
*Йæ сатæг мæм хъары, гъей!*
*Хæстоны ингæныл цъæх кæрдæг æрзади,*
*Цæссыг ыл фæуарыд, гъей!*

*Æнæ ʼрцæф æфсургъæн ехс дарын нæ хъæуы,*
*Йæ ехс у йæ барæг, гъей!*
*Алиханы мардыл ныуадзут уæ кæуын,*
*Ныззарут ыл зарæг, гъей!*



***ТОКАТЫ Алихан 1916 азы æртхъирæны фæндзæм боны йæ æнувыд æмгар Къутæрты Сабазджеримæ фыста: «Фыссыс: «Де ’нæниз царды нывтæ мæ цæстытыл уайынц, фæлæ та кæд рынчын дæ?» Фæрсын дæ, уæ ме ’фсымæр: кæд уыдзыстæм мах æнæниз? Кæд нæ уыдзыстæм рынчын, æнæ уынæргъгæ, кæд нæ хъæрздзыстæм нæ рисгæ риутæй?!. Зæгъын дын: мæ низ мæ буары нæй – ме уæнгтæ нырма хъæддых сты, сæхи бар, фæлæ мæ низ ис уæлдæфæй, æдзухæй***


ТОКАТЫ Алихан

* * *

Фыдæлтыккон апойнаг поэт Басемæ бакастæн:

*Фырадæргæй хъæбæрхоры æфсирмæ*
*Фæлæбурдтон – кæд мын æнцой фæуаид...*
*Фæхицæны уысм, оххай-гъе, цæй зын у!*

Диссаг! Æвиппайды мæ зæрдыл æрбалæууыд ирон æмбисонд: «Дон кæй фæцæйласы, уый сындзы къутæрмæ дæр фæлæбуры».

Ноджы ма: ирон фразеологизм «йæ удæй арт цæгъды» æмæ Бетховены «музыка должна высекать огонь из людских сердец».

Зæгъæн ис, кæрæдзи цæрмыстыгъд бакодтой гуырдзиаг æмбисонд «женщина подобна тени: за ней бежишь – убегает, от нее бежишь – за тобой гонится» æмæ францаг фыссæг Никола Шамфоры базырджын ныхас: «Женщина подобна вашей тени: вы следуете за ней – она удаляется; вы удаляетесь от нее – она следует за вами».

# «НАЛ ФÆРАЗЫН ЗÆХХЫЛ, ФЕСКЪУЫЙЫ МÆ ЗÆРДÆ...»



**ХЪОДЗАТЫ Æхсар**
**(1937–2021), Цæгат Ирыстоны адæмон поэт**

Токайы-фырты æмдзæвгæ «Æз кæуын, дзыназын...»-ы ма ноджы иу диссаг раиртæстон: рæнхъыты астæуты ис цезурæтæ-паузæтæ. Æмæ цезурæтæн сæ разæй дæр æмæ сæ фæстæ дæр цы хæйттæ ис, уыдонæй дæр рауади хицæн, æххæст хъуыды æвдисæг, æмдзæвгæтæ – æд ритм, æд рифмæтæ. Æрмæст фæстаг рæнхъ «Йа Хуыцау, мæ хъæртæй фехъуысæд дæм иу!» дих кæнын нæ комы, дыууæ хайæн у иумæйаг, маргъы буар йæ дыууæ базырæн иумæйаг куыд у, афтæ.

Мæнæ рæнхъыты фыццаг хæйттæй арæзт æмдзæвгæ:

*Æз кæуын, дзынадзын,æз*
*фæниуын, ниуын.*
*.Æз фæниуын, ниуын, фехъус*
*мæ, цы?*
*Сау зæрдæ фæсудзы мидæгæй*
*мæ риуы.*
*Мидæгæй мæ риуы сау туджы мæцы.*

*Уалдзæгмæ бæллыдтæн, уый*
*цинæй рæзыдтæн.*
*Уый цинæй рæзыдтæн, карз*
*зымæджы æз.*
*Уалдзæг мæ фæсайдта,раджы*
*уый нæ зыдтон,*
*Раджы уый нæ зыдтон,*
*сæфдзæни мæ раз*

Æмæ афтæ дарддæр. Мæнæ уын уый та рæнхъыты дыккаг хæйттæй арæзт уацмыс, æрмæст райдайын хъæуы æртыккаг строфайæ:

*Тарф зымæг мæ надта,*
*Зæрдæ дзы ныссуй.*
*Дидинджытæ радта*
*Сау халонæн уый.*

*Сау халон сæ хъазы*
*Фаджысы сæрыл.*
*Адæмы туг нуазы*
*Алы ран зæххыл.*
*Фескъуыйы мæ зæрдæ,*
*Тоны та мæ риу.*
*Нал хъуысынц мæ хъæртæ...*

Кæройнаг строфамæ бафтауæн ис æмдзæвгæйы сæйраг рæнхъ – базыртæ иугæнæг, кувыны ныхæстау чи азæлы, уыцы фæстаг курдиат-бæллиц:

*Йа Хуыцау, мæ хъæртæй*
*Фехъуысæд дæм иу!*

Гъе ахæм æрдхæрæны виртуоз уыдис Алихан.

Рæнхъыты дыккаг хæйттæ фæлхат кæныны мадзал уынæм æмдзæвгæ «Кæрон»-ы дæр (ныхас ыл цыди раздæр), æрмæст ам алкæд комкоммæ фæлхат нæ чындæуы – автор фылдæр рæтты вариацитæ сарæзта:

*Рагæй, рагæй агуырдтон æз марг,*
*Агуырдтон æз марг.*
*Фенон, фенон, загътон, адджын цард,*
*Фенон адджын цард.*
*Нуазын æз бындзарæй марджы къус,*
*Гъеныр марджы къус.*
*Марг, уæ, адджын марг, ды царды хос,*
*Ды дæ царды хос.*
*Амонд æз ыссардтон сау зæххы,*
*Арф æз сау зæххы.*
*Уд уæлæмæ рухсмæ атæхы,*
*Рухсмæ атæхы.*
*Талынг, мæйдаримæ схæццæ дæн,*
*Æз ысхæццæ дæн.*
*Æз фæдæн. Фæдæн, ысцæттæ дæн,*
*Æз ысцæттæ дæн.*

* * *

Алиханы поэзийæн фидар реалистон бындур ис.

Уыцы-иу рæстæг дзы, ногæй та йæ зæгъын, иттæг бæлвырдæй æмæ парахатæй уынæм символизмы миниуджытæ. Символисттæ цы литературон надвæд равзæрстой, уый та реализмæй иппæрд нæ уыди, уымæн æмæ символ кæддæриддæр февдисы цард. Андрей Белый фыста, зæгъгæ, символ у триадæ «авс»: «а» рахонæн ис, дихтæ кæнын чи нæ комы, ахæм сфæлдыстадон иудзинад. Уыцы иудзинадмæ хауы «в», ома, æрдзы фæлгонц, зæл, ахорæн æмæ дзырдæй арæзт чи у, ахæм; «с» та, дам, у уды сагъæс-мæт-утæхсæн æмæ кæрæдзиуыл сæрибарæй, æнæ тыхмийæ бæтты зæлтæ, ахорæнтæ æмæ дзырдтæ, иуты дзы иннæтимæ сæмхæццæ кæны, æмæ уыдон дæр сæ хуызтæ скалынц, райгуыры æвæджиауы фæлгонц. «Символизм углубляет либо мрак, либо свет: возможности превращает он в подлинности: наделяет их бытием... Художник воплощает в образе полноту жизни или смерти...» (Андрей Белый. Символизм как миропонимание. М., «Республика», 1994, 256 ф.).

Ахæм хабæрттæ аивады дунейы дзæвгар ис. Мæнæ – сабийы бонтæй фæстæмæ кæй хъусæм, уыцы ирон æмбисонд: «Хур – йæ хæдон, зæхх – йæ дзабыр» (вариант: «Хурæй хæдон кæны, зæххæй – дзабыр»). Апойнаг поэт Кикакумæ (1661-1707) та ахæм æртырæнхъон ис:

*Нищий на пути!*
*Летом весь его покров –*
*Небо и земля.*

Фæйнæхуызон рæстæджыты æмæ фæйнæхуызон бæстæты чи цард, ахæм дыууæ поэтмæ цымæ куыд райгуырд уыцы иу фæлгонц?

Æндæр аналоги. Пушкин:

*Прощай, надежда, спи, желанье.*

Верлен:

*Спи, желанье, усни,*
*Спи, надежда моя!*

Ноджы ма ахæм цæвиттон. Токаты Алихан:

*Фесæф, фесæфай, мæ хох,*
*Фесæфай мын тагъддæр.*
*Ды мæнæй нæ кæныс рох, –*
*Сау цæссыджы ’ртах дæ.*

*Уырыссаг поэт Владимир Соколов:*

*Мне страшно, что жизнь прожита,*
*то смерть – это значит домой,*
*Что снова трясет нищета*
*На грязных вокзалах сумой.*
*Что родина – это слеза,*
*Что мать – это холм без креста.*

Цыма кæмдæр зæххы иу кæрон чидæр арвы хъусы цыдæртæ бадзырдта. Уыцы дзырдтæ арвы къуырфы æмбæхстæй баззадысты. Стæй сæ æнусты фæстæ зæххы иннæ кæрон æндæр чидæр ацахста æмæ сæ ногæй загъта. Æвæццæгæн, рæстæджытæ, æвзæгтæ æмæ тыгъдæтты арæнтæ поэтты зæрдæтæн ницы хъом сты. Уыдон кæрæдзимæ фехсынц æнæзынгæ ризгæ тынтæ, тъымы-тъыматыл аххæссынц æдзæм рухс æмæ сусæг тавсæй. Æмæ стъалы стъалыимæ дзуры.

Уæвгæ, иу рæстæджы, иу бæстæйы чи цард, ахæм автортæм дæр разыны æнгæс хъуыдытæ, фæлгонцтæ. Раздæр кодтон Алиханы æмдзæвгæ «Цæссыг»-ы кой. Сау адæм сау дуртæ æхсынц, сæ амонды сæрвæлтау чи тох кæны, ууыл, æлгъитынц æй, сурынц æй се ’хсæнæй, марыныл дæр ыл нæ бацауæрдиккой, кæддæр Чырыстийыл куыд нæ ауæрстой, афтæ.

**Дарддæр.**
**Райдайæн 26-æм номеры.**

## ХОРЗЗÆРДÆ ЗÆГЪИНÆГТÆ НÆ НАЦИОН ПОЭЗИЙЫ ТЫРЫСАХÆССÆДЖЫ ТЫХХÆЙ



**МАЛИТЫ Васо (1938-2017), фыссæг, публицист, æхсæнадон архайæг:**

– Токаты Алиханы сфæлдыстад уыди ног æмæ тыхджын фæзынд ирон литературæйы. Уый бæлвырдæй равдыста: саумæры рæзæг халы мыггæгтæ билцъыты хуызæн ирон поэтикон дзырд йæ хуылфы æмбæхсы æнæнымæц гæнæнтæ. Фадат сын ратт – тыхджын æвзартæ ныггуыпп ласдзысты раст цырын арты æвзæгтау.

Хъодзаты Æхсар Алиханы сфæлдыстадыл дзургæйæ йе ’ргом тынгдæр здахы формæмæ. Ай-гъай, символизм аивадон формæйы структурон элементты ахадындзинад кодта уæрæхдæр, ивта метафорæтæ, ассоциацитæ, рифмæ æмæ ритмикæйы характер. Фæлæ йæ хуыздæр фæзынды – Верлены, Рембойы, Блокы аивады – уымæн йæ сæйраг нысан уыди сæнттæ æмæ зæрдаив дунемæ ныккæсын, уды æрфытæ басгарын, дæлзондæй (подсознание) поэтикон хотых скæнын. Инстинкт, фын, зæрдаив – ацы авналæнтæ ирон дарæсы уынæм Алиханы æмдзæвгæтæй бирæты…

**Поэт, публицист, газет «Рæстдзинад»-и бæрнон косæг Абайти Александри фурт Эдуардбæл 28 июли æнхæст кæнуй дæс æма æртинсæй анзи. Зæрдигæй ин арфæ кæнæн. Æнæнез æма зæрдрохс уо, нæ хуарз æрдхуард!..**

***кæй ныхъуырын, фæлмау зæрдæйы алыварс чи бады æмæ йæм рухсы æртах чи нæ уадзы, уыцы уæлдæфæй. Кæд ныссыгъдæг уыдзæни низтæй, уæ, ме ’фсымæр, кæ, уæлдæф? Кæд нал баддзæни зæрдæйы алыварс низы фæлм? Кæд ныуулæфдзыстæм уæгъдибар, зæрдæбынæй? Уæлдæфы низæй ныр æз райстон хæст. Хæцын!.. Хæцын!.. Хæцын!.. Æмæ цæрын... Бонæй-бон уæрæхдæр мыл кæны мæ арв, бонæй-бон къаддæр кæнын æз мæхæдæг...»***



Поэт (йе та лирикон герой) дзуапп дætты, æз, дам, ацы сау дуртæ æруидздзынæн, æмæ сæ мæ сау зæрдæ «самайдзæн аргъуан... æрттивгæ, фæлурс» æмæ «талынджы фендзыстут, м’ адæм, мæ рухс».

Алиханы æрттивгæ аргъуаны æнгæс фæлгонц раиртæстон Аннæ Ахматовамæ дæр йе ’мдзæвгæ «Уединение»-йы, æрмæст уымæ аргъуаны бæсты уынæм мæсыг:

*Так много камней брошено в меня,*
*Что ни один из них уже не страшен,*
*И стройной башней стала западня,*
*Высокою среди высоких башен.*
*Строителей ее благодарю,*
*Пусть их забота и печаль минует.*
*Отсюда раньше вижу я зарю,*
*Здесь солнца луч последний*
*торжествует.*

Ахматовайы æмдзæвгæйыл ис датæ – 1914, Алихан та йæ «Цæссыг» ныффыста 1919 азы. Кæд, мыййаг, Токайы-фырт уырыссаг поэты фæлгонцæй спайда кодта? Цæмæн дæр мæ нæ уырны. Алихан æвдисы, мидхæсты рæстæджы йæ сæр, хъодыгонды хуызæнæй, цытæ бавзæрста, цы дывыдон арты бахауд, уыдæттæ, ома, йе ’мдзæвгæ йемыдзаг у индивидуалон æнкъарæнтæй, бæлвырд-бæрæг дуджы нысæнттæй, миниуджытæй. Иу дзырдæй, ирон поэты аргъуан амад у бынтон æндæр «дуртæй», аразæн æрмæгæй, зыны йыл оригиналон æрмдзæф.

Алихан хæрз сабийæ цы зынтæ бавзæрста, уыдон фæстæдæр афтæ сныв кодта:

*Калæм сау хуымыл нæ туг,*
*Къахæнтæй фæкъахæм.*
*Афтæ лидзы, згъоры дуг.*
*Сау дуртæ фæлдахæм.*
*Хох – хъæбæр. Сыгъд у, сыд у,*
*Хортæ дзы нæ зайы.*
*Хох зыд у, зыд у, зыд у,*
*Хорæй нæ фæсайы.*
(«Хох! Мæ хох, мæ хох, мæ хох...»)

Царддæгас ахорæнтæ, ирд нывтæ æмæ мырты аив азæлд æнгом баст сты дзуræджы утæхсæнтимæ. Уарзт æмæ маст схъуырдухæн сты, куыд сæ иу фæуæлахиз вæййы, куы иннæ. Уарзтæй æвзæры маст (райгуырæн хæхтæ ахæм æфхæрд уавæры кæй сты, уымæ гæсгæ), мастæй та – уынгæг æмæ ныфсхаст зарæг. Мæнæ цы трагикон кæрон ис æмдзæвгæйæн:

*Фесæф, фесæфай, мæ хох,*
*Фесæфай мын тагъддæр.*
*Ды мæнæй нæ кæныс рох, –*
*Сау цæссыджы ’ртах дæ.*

Уалдзыгон къалиутау ныттынг сты дзуræджы зæрдæйы нуæрттæ. Уынæргъынау уæнгты ахъæры, карз æлгъыстæй, æхсидгæ мастæй æмæ æнусон уарзтæй чи райгуырд, уыцы рæнхъ: «Сау цæссыджы ’ртах дæ».

Диссаг та куыд нæу: къаннæг «сау цæссыджы ’ртах» поэты стыр фарнæй æнæнхъæлæджы басгуыхти «рох бæсты» хъизæмайраг царды символ! Ам, æвæццæгæн, сфидаудзысты Вячеслав Ивановы ныхæстæ: «Символ только тогда истинный символ, когда он неисчерпаем и беспределен в своем значении, когда он изрекает на своем сокровенном (иератическом и магическом) языке намека и внушения нечто неизглаголемое, неадекватное внешнему слову. Он многолик, многосмыслен и всегда темен в последней глубине» (Вяч. Иванов. Родное и вселенское. М., «Республика», 1994, 141 ф.).

* * *

Алиханæн 1973 азы цы чиныг рацыд, уырдæм йæ уац «Нæхи цæттæ дарæм» нæ бахауди – «цырддзаст æмæ къæрцхъус» цензор Ц. М-м æй нæ ауагъта. Æрмæст ма йæ ном сæргæндты баззади (кæс: Токаты Алихан. Уацмыстæ. Чиныгуадзæн «Ир», 1973, 308 ф.).

Уац бакæсыны фæстæ адæймаг æнæбары ахъуыды кæны: цы стыр зонды, цы стыр курдиаты хицау уыд, æвæдза, Токаты лæппу! Хæрз æрыгонæй куыд арф бамбæрста революцийы стыр драмæ! Уый йемæ хаста æвирхъау бæллæхтæ: туджы зæйтæ, мæгуырдзинад, культурон хæзнаты сæфт. Сарæх сты стигъджытæ, давджытæ, мæрдкъахтæ, адæмыл зыд æмæ кæрæф бафтыди, кæрæдзимæ топпы кæсæнæй акастысты. Ахæм уавæрты Алиханы поэтикон, риссаг зæрдæйы фæдисхъæр зын бамбарæн нæу. Йæ адæмыл, йæ Ирыстоныл, рæстдзинадыл æнувыд, иузæрдион уæвгæйæ, поэт сиды баиумæ, кæрæдзи æрæмбарынмæ, хи бахъахъхъæнынмæ. Цард абухгæ денджызау кæм сызмæсти, цæвæг марæджы кæм нал æмбары, уым сæфынæй тас у æнæхъæн нацитæн: «...фыдбылызы зæйæ тас у бынтон фесæфынæй чысыл адæмтæн, стыр тас у Ирыстонæн дæр. Куыд хъусæм, афтæмæй

нæ ирон адæмæн дæр ныр бар-æнæбары йæхи цæттæ кæнын хъæуы хæстмæ».

Куыд актуалон сты, æвæдза, Алиханы ацы рæнхъытæ абон дæр, алы адæмтæ кæрæдзи хъуын-хъис куы тонынц, фыдæхы æртытæ алы къуымты радыгæй куы сирвæзынц, уæд! Æмæ та нæ цæсты ноджы тынгдæр сахады, бæрзонддæр сырæзы Токаты Алихан – поэт, разагъды лæг, йæ адæмы иузæрдион хъæбул.

Алиханы уац кæсгæйæ, ноджы зæрдыл æрлæууы В. Г. Короленко: йæ уды дзæнгæрæг фæдисы хъæр кæмæн кодта, революци æмæ мидхæсты æбуалгъ нывтæ уынгæйæ йæхицæн уддæнцой чи нал ардта, уыцы номдзыд фыссæг æмæ фарны лæг (кæс: 1920 азы Луначарскиимæ цы æхсæз фыстæджы арвыста, уыдон – «Новый мир», 1988, № 10). Уац кæсгæйæ, æрымысæм Алиханæн йæ иннæ фыстытæ дæр – йе ’мдзæвгæтæ, йæ публицистикæ. Зæгъæм, мæнæ ацы рæнхъытæ:



ТОКАТЫ Алихан (бады рахизæрдыгæй) æмæ йæ хæлæрттæ: лæууы – ТОКАТЫ Текко (Темырболат), бады – ТАМБИАТЫ Хадзымурат. 1916 аз.

Уæрæсейы салдæттæ, большевиктæ кæй хонынц, уыдон бæстæтæ змæнтынц, сафынц, марынц, сæ коммæ чи нæ кæсы, уыдоны. Уыцы салдæттæ хъазуатæй хæцынц ныр хахолимæ æмæ хъазахъхъимæ Украинæйы æмæ Доны облæсты. Иннæмæй, Турчы хæсты уырысæй цы æфсæдтæ уыдис, уыдон сæ хæдзæрттæм лидзынц, тындзынц. Фæндагыл уыцы бирæ сау адæм дæр æххормагæй, мæстджынæй тынг тыхтæ, тынг æвзæр митæ кæнынц. Уыцы салдæтты ивылд дыууæрдыгæй дæр ноджы куы рацæуа, уымæй тынг тас у. Ноджы нæ алыварс нæ сыхæгтæ – мæхъхъæл æмæ хъазахъхъ – кæрæдзийæн тугисæг æмæ тыхагур систы. Хуыцау бахизæд, фæлæ се ’хсæн арт куы ссудза, уæд йæ фæстæ Кавказы адæмтæ се ’ппæт дæр куы сыстой æмæ кæрæдзийы цæгъдын куы райдайой, уымæй тас у. Мах, ирон адæм, уый тыххæй зын раны стæм. Нæ алыварс хæсты арт куы ссудза, уæд мах дæр кæй басудздзæн, уый нæ зонын хъæуы. Уый тыххæй, нæ ранмæ гæсгæйæ,

*Сау хохы лæгæт – мæ цæрæн,*
*Уазал дымгæ мæм цæуы.*
*Афтæмæй нал дæн мæ сæрæн,*
*Афтæ мæ зæрдæ кæуы.*
*Цъæх ихы тæрхæг – мæ бадæн,*
*Миты хъæпæны хуыссын.*
*Ницыуал зонын мæ цардæн,*
*Мигъы хæтæнты тыхсын.*

Токаты лæппу йæ уац ныффыста 25-аздзыдæй, 1918 азы январы. Рацыди йын газет «Ног цард»-ы 1918 азы 27 январы. Фæлæ цыма 100-аздзыд разагъды лæг йæ кæстæртæн уынаффæтæ кæны, уыйау ахадгæ у йæ ныхас. Æмæ йын хъуамæ иудадзыг нæ зæрдыл дарæм йæ фæдзæхст: нæхи цæттæ дарæм, нæ чысыл стыр Фыдыбæстæ Ирыстоны сæрвæлтау æрбаиу уæм, æрæмбарæм кæрæдзи, бахъахъхъæнæм нæ Ивгъуыд, нæ Абон, нæ Фидæн!

Алихан канд ног поэтикон дуне фæлдисæг нæ уыдис, ай-гъай, социалон революцийы дæр æнувыдæй архайдта, йе ’рыгон зонд ын алы æнæсæрфат идейæтæ сдзæгъæлтæ кодтой, æмæ йæм, æвæццæгæн, боныфæстагмæ фæсмон æрцыдаид. Раст зæгъы уырыссаг поэт-тæлмацгæнæг Григори Кружков революционертæй: «Их дела кажутся дьявольской пародией на духовные и творческие усилия великих реформаторов искусства XX века. Колосс утопии, построенный на крови, в конце концов рухнул. А облачные города поэзии стоят во всей своей очевидности, и никакой ветер их не сдует» (У. Б. Йейтс. Роза и Башня. Санкт-Петербург. «Симпозиум», 1999, 480 – 481 фф.).

Алихан йе ’ууæнк цы социалон революцийыл бафтыдта, цы ног дунейы сæрвæлтау тох кодта, уый йæ фæсайдта, бынтон мæнг разындысты йæ нысантæ, йæ хъуыддæгтæ. Уый хыгъд Токаты æвзыгъд лæппуйы поэтикон дунейæн æмбал нæй ирон дзырдаивады – уый у йе ’рттивгæ аргъуан. «Символисты ставили перед собой только сверхзадачи – изменить мир, создать новую литературу. Самое поразительное, что им это удалось». Кружковы ацы ныхæстæ хауынц уырыссаг символисттæм. Уыдон къорд уыдысты. Алихан та иунæгæй арæзта ног поэтикон дуне. Æмæ йын бантысти.

* * *

Поэтæн йæ зæрдæйы судзæгтæй сусæггæнæн ницы ис. Уый сывæллонау у æргом, æнæхин. Зæрдæйы æваст ныхас кæныны бар ис алкæмæн дæр. (Уæвгæ, уый паддзахæй фыййауы онг – иуæн дæр кады хос нæу). Æрмæст уыцы бар нæй поэтæн. Поэзийы алцыдæр арæзт цæуы æнæбары, тыхмийæ дзы ницы уайы. Æцæг поэтикон уацмысы дзырдтæ иууылдæр бархи сты (ронбæгъд нæ!), фæлæ иузæрдыг. Дзырдтæ уацмысмæ сыфцæй нæ ластæуы, сæрибарæй æрбацæуынц, сæрибарæй æрцахсынц сæ бынæттæ. Ахæм бынæттæ, æмæ сын, ирон æмбисонд цæйау зæгъы, нæдæр «дæлдæр абад», нæдæр «уæлдæр абад» зæгъæг вæййы. Уый афтæ нæ амоны, æмæ поэтæн йæ къухы алцыдæр æнцонæй бафты кæнæ йæм цавæрдæр нымæтын ехс ис – æрцæв, æмæ хъуыддаг йæ гаччы абадти. Нæ. Фыссæджы куыст мæсыгамайæджы куыстæй уæлдай нæу. Уый тыххæй хорз загъта Алихан йæ сонет «Алыхуызон мæсыг»-ы:

*Сывæллонæн йæ мидбылты*
*фæхудтæй,*
*Фæллойгæнджыты алы бон хъæрзтæй,*
*Сырх тугвæдон æнамонды хæстæй,*
*Кæй тыххæй зайы тар бæстæ*
*гаффуттæй,*
*Зымæгæн та йæ тымыгъы*
*фæфуттæй,*
*Мæ сидзæртæн сæ гом сыд сау*
*фæрстæй,*
*Мæхицæн та мæ зæрдæйы мæстæй –*
*Æз ниуын, зарын уыдонæн сæ удтæй.*
*Æз амайын нур адонæй мæсыг,*
*Æхсад – цæссыгæй, тугæй – сырх йæ*
*дуртæ,*
*Æлыгæн ын – Рæстдзинад, Зонд –*
*фыдмуртæ.*
*Фæйнæрдæм дзы æрттивдзæни*
*цæссыг,*
*Æддæмæ дзы зындзæни мæйтæ,*
*хуртæ,*
*Йæ хуылфы та уыдзæни судзгæ зынг.*

Ам ис Алихан æнæхъæнæй дæр: хъуыдытæ, æнкъарæнтæ сты хæдæхсæрд, фæлгонцтæ дæр афтæ – æрдзон, сæрибар уагыл нывæст. Поэт нæ æвиппайды бакæны, йæхæдæг цы равджы, чемы ис, уый уацары. Зæрдыл æрлæууынц Уолт Уитмены ныхæстæ: «Пойми, что в твоих писаниях не может быть ни единой черты, которой не было бы в тебе самом... Нет такой уловки, такого приема, такого рецепта, чтобы скрыть от твоих писаний хоть какой-нибудь изъян твоего сердца».

***Уодзæнæй ма.***

**Кæсæг-Балхъари адæмон поэт Социалистон Фæллойни Бæгъатæр Кешоков Алим Пшемахой фурти райгурдбæл 22 июли æнхæст кæнуй фараст æма фондзинсæй анзи (1914-2001).**

*Мигель де УНАМУНО (1864-1936), испайнаг финсæг: «Хумæтæгæй-хумæтæгдæр гъудити хецæуттæн, рæстæмбес искурдиадæй уæлдæр исхезун ке бон нæй, уонæн иннети æнтæст сæ уæнгæл æй, æма сæ уодтæй арт фæццæгъдунцæ, цæмæй сæ цæсти æфтауонцæ... Цæветтонгæ, еци иннетæ гъæуама искурдиадæй цох некетæ-нецитæй мацæмæй хецæн кæнонцæ...»*



# РÆСТÆГ – ПАЙДАГОР, КОСÆГ – МАЙДАНГОР!..

***Æцæгæйдæр уотæ ’й – алкедæр ни фæндуй, цæмæй рæстæгæй фулдæр пайда уа, æма уобæл æновудæй ка архайуй, е ба хуæрзтæй фæххайгин уй. Еци гъуддаг уин куд æнтæсуй, уой исбæлвурд кæнунæн ба уин бацæттæ кодтан, мæнæ абони ке мухур кæнæн, еци фарстатæ æма байархайетæ зæрдæргомæй сæбæл раттун, æцæгæй ци куд æй, уæхæн дзуæппитæ.***

**1** **Косгæ бæнтти сæумæй кутемæй райистис?**

а) Райгъал ун игъалгæнæг сахатгонди дзæнгæрæги размæ – 3
б) Куддæр райгъусуй игъалгæнæг сахатгонди дзæнгæрæг, гъеуæд уайтæккæдæр – 2
в) Уарзун игъалгæнæг сахатгонди дзæнгæрæги фæсте дæр ма хуссæни рарæхцун – 1

**2** **Пайда кæнетæ æрвилбойнон киунугæй?**

а) Нæ, некæми мæ гъæуй – 1
б) Ес мæмæ, фал си алкæд нæ пайда кæнун – 2
в) Гъо, æхсицгонæй мæ гъæуй – 1

**3** **Де ’мкосæг дæ хонуй æ райгурæн бон бæрæг кæнунмæ. Дæумæ еци бонмæ æндæр гъуддæгутæ нисангонд ес. Куд бакæндзæнæ?**

а) Ездонæй зæгъдзæнæн: «Равгæ мин нæ исуодзæнæй…» – 3
б) Цæмæй мæбæл уой зæрдæ ма фæххода, уомæ гæсгæ исарази уодзæнæн – 1
в) Ци гъуддæгутæ иснисан кодтон еци хунди размæ, уони ахсгиагдзийнадæмæ гæсгæ уодзæнæй мæ унаффæ – 2

**4** **Дæ бон еугур гъуддæгутæ дæр ниуудзун æй, цæмæй дин равгæ уа уарзон сериали нæуæг серимæ бакæсунæн?**

а) Гъай-гъайдæр – 1
б) Нæ, уæхæн менеуæг мæмæ нæййес – 3
в) Хаттæй-хатт, еци гъуддæгутæ уоййасæбæл ахсгиаг ку нæ уонцæ, уæд – 2

**5** **Равзаретæ, уæлдай зæрдтагондæр уин кæци æй мæнæ аци зæгъдтитæй, уой:**

а) «Кæд дæ уотæ фæндуй, цæмæй дин минкъийдæр рæстæг уа, уæд маци кæнæ…» – 1
б) «Алли бонмæ дæр уотæ кæсун гъæуй, цума минкъий цард æй…» – 2
в) «Рæстæг райевгъуйуй! – фæгъгъæр кæнунцæ еуетæ. – Рæстæг æносон æй: райевгъуйетæ сумах!..» – 3

**6** **«Абони искæнæн кæмæн ес, уой исонмæ бонæнгъуд ма кæнæ», зæгъгæ, фæткæмæ гæсгæ архайис цæрун?**

а) Кæд гæнæн æма амал ес, уæд нæ – 3
б) Уотæ гъавун, фал мин алкæд не ’нтæсуй – 2
в) Алкæддæр нæ – 1

**7** **Зæрдæмæдзæугæдæр дин æй, бæлвурд рæстæгмæ æнхæст кæнун ке гъæуй, уæхæн куст?**

а) Æвæдзи, гъо – 3
б) Нæ, е мæ уæнгмард кæнуй – 1
в) Уæлдай мин си нæй – 2

**8** **Телевизор æма телефон дин ци ’нцæ:**

а) Мæ хуæздæр æрдхуæрдтæ – 1
б) Хиццагæй кæмæй неци ес, уой хæццæ ба ма федун ке туххæй гъæуй, уæхæн æрцæргутæ – 3
в) Æнæмæнгæ гъæугæ æмбæлццæнттæ – 2

**9** **Дæумæ гæсгæ, бæлдтитæ ’нцæ…**

а) Рæсугъд гæбæлотæ, кæцитæй, æвæдзи, алкæд неци пайда ес, фал уæддæр цард ба исфедаун кæнунцæ ирддзийнадæ æма уадессагдзийнадæй – 2
б) Зменсгун мæсгутæ, кæцитæбæл харзгонд æрцæуй æгæр берæ хъазар рæстæг – 3
в) Æхцæуæн рæстæгæрвист, кæци дæттуй нифс æма агъаз кæнуй цæрунæн – 1

**10** **Уæ фæлладуадзуни рæстæг æрветунæн уин зæрдæхцæуæндæр ци æй?**

а) Разæнгардæй архайун – 3
б) Фæлмæн диван æма телевизор – 1
в) Аллихузи, мæ кеми куд уон, уомæ гæсгæ – 2

## БАНИМАЙЕТÆ УÆ БАЛЛТÆ ÆМА ИСКÆНЕТÆ ХАТДЗÆГ:

**10-16 балли**

Рæстæгмæ зингæ ауæрдгæ зæрдихаттæй кæсун уæ бæргæ нæ багъигæдаридæ, уомæн æма æмбесонд амонуй: «Дзæгъæли исхарзгонд рæстæг æй уотид ундзийнадæ; пайдайæй исхарзгонд рæстæг ба ’й цард!..» Уогæ ни æруагæс кæнуй, дæ уодикондæй ба, рæстæги æма итигъдади закъонтæн сæ дæлбарæ ка нæй, уæхæн философ ке дæ, е.

**17-23 балли**

Нихъхъуригæнæн кæмæн нæййес, уой нихъхъури кæнунæн дин равгитæ ке нæййес, еци хатдзæг ди баруагæс уогæй, исарази уодзæнæй рæстæги кутемæйдзийнади хæццæ, дæхецæн зундамонæн равзардзæнæ библиаг загъд: «Уæлæрвти бунмæ алцæмæн дæр ес æхе рæстæг…» Ци гæнæн æма амал ес, уомæй уæхе еуварс даретæ уæлдай æзгулийæй, рæстæг æма хъауритæ цæбæл харз кæнун æнгъезуй æма не ’нгъезуй, уой бæлвурд кæнунмæ арæхсетæ.

**24-30 балли**

Рæстæгæн аргъ кæнунмæ арæхсетæ. Фулдæр хæттити уин æнтæсуй, уæ косгæ бон уотæ исаразун, цæмæй уæ нисангонд гъуддæгутæ еугурæйдæр æнхæстгонд æрцæуонцæ. Рæстæгæй уæхæн хæдзардзинæй пайда кæнун бæргæ хуарз æй, фал уой хæццæ ма гъæуй хаттæй-хатт гъуддæгутæ æма æмгъудтæ феронх кæнун æма еуцæйбæрцæдæр уæнгуагъддæрæй фæуун…

## РАСАГЪÆС КÆНАЙТÆ!..



**Фарстатæн се ’мбесæй фулдæребæл раст дуæппитæ ку раттай, уæд е уой æвдесæн æй, æма дæ зундгиндзийнадæ ’й æхсæйнагæй бæрзонддæр.**

**1** **Циуавæр фæсномуг адтæй Александр Пушкинæн æ хæстæгдæр æмбæлтти ’хсæн (Петр Вяземский, Василий Жуковский, Антон Дельвич æма æндæртæ)**

**а)** Хъæнделæг **б)** Цъисцъисагæ **в)** Æрттевагæ **г)** Золкъæ

**2** **Европи дæлæмæдзуд паддзахæдти ’хсæн тæккæ устурдæр кæци бæстæ æй?**

**а)** Андоррæ **б)** Лихштейн **в)** Монако **г)** Сан-Марино

**3** **Япойнаг цæбæл ахур кæнуй дæс хатти дзæндæлдæрæй, фал ибæл ку исахур кæнуй, уæдта си арæхсуй цуппар хатти цæрдæгдæрæй?**

**а)** Къуæцæлтæй хуæрунбæл **б)** Финсунбæл **в)** Кæсунбæл **г)** Голлаги медæгæ уайунбæл

**4** **Спорти кæци хузæй 1970 анзи ССР Цæдеси æма дуйней еугонд командити ’хсæн арæзт æрцудæй «Æноси матч»?**

**а)** Теннис **б)** Футбол **в)** Хоккей **г)** Шахматтæ

**5** **Кæци паддзахади цæргутæн се ’мбесæй фулдæр цæрунцæ æ сæйраг сахари (æ сахаргæрæнтти)?**

**а)** Люксембург **б)** Монако **в)** Исланди **г)** Свализенд

**6** **Æ лæгæй рæстæгмæ æмгъудæй хецæнæй ка фæццæруй, еци бийнойнаги гъазгæ-ходгæй куд фæххонунцæ?**

**а)** Æхсæвæ æнæ æхсæвгæс **б)** Пенелопа *(бердзейнаг таурæхътæмæ гæсгæ дзæвгарæ рæстæгути æнгъæлмæ кастæй æ лæгмæ – Итаки паддзах Одисеймæ – цалинмæ е тугъдон балцити адтæй)* **в)** Гъæмпин седзæргæс **г)** Декабрист *(декабристтæ XIX æноси паддзахи нихмæ исистад ке исаразтонцæ, уомæ гæсгæ æрвист æрцудæнцæ Сибирмæ, Уæрæсей æндæр идард рауæнтæмæ)*

**Раст дзуæппитæ нæ газети 26-аг номери мухургонд фарстатæн.**

**1.** Англи æма Занзибари ’хсæн тугъд 1896 анзи. **2.** Дууадæс анзи. **3.** Уонæй еунæгей фудæй дæр еристи архайæг фæммулдбæл нимад нæ цудæй. **4.** Адæймаги фид нæ хуæрун – уæди рæстæги уотæ нимад цудæй, æма Америки Еугонд Штатти цæргутæ адæймаги фидхуартæ ’нцæ. **5.** Медицини уогæ уотид дзæбæхгæнæг нæ адтæй, фал ахургонд. **6.** Дууадæсемæй фулдæр – фиццаг æртæ фæсарæйнаг æвзаги исахур кодта æхсæзанздзуд биццеуæй.

ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!

ГАЗЕТ 2023 АНЗИ ДУККАГ ÆМБЕСÆН РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 344 СОМИ 52 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 305 СОМИ 64 КЪАПЕККИ)

ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР

Дигорæ

**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **650**. Заказ **№ 1581.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 21.07.2023.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 21.07.2023.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**